



North Carolina Department of Commerce
Division of Employment Security
Unemployment Insurance



Sa se yon echantiyon yon Avi Odyans pa Telefòn. Li pral enfòmè w kilè odyans lan apdirije, kiyès k ap dirije odyans lan, avèk sijè ki pral diskite yo.

SOU SIJÈ:

JOHN DOE
888 North Street
Siler City, NC 27344

(XXX)XXX-XXXX

DESIZYON APÈL. VII-A-04084

Restaurants, Incorporated
t/a Hamburgers
1111 Picklewood Ave
Fayetteville, NC 28303

(XXX)XXX-XXXX

Demandè: (Non) (Siyati)

NAN (DAT), <DEMANDÈ/ANPLWAYÈ> TE DEPOZE YON APÈL DE REZOLISYON PA JIJ, (NON) NIMEWO DOSYE #####.

JIJ APEL LA PRAL DIRIJE YON ODYANS PA TELEFON EPI PRAN YON DESIZYON SOU SIJE (YO) KI AFICHE PI WO A.

SI SIJE KI AFICHE A DIFERAN DE SIJE KI TE DESIDE PA JIJ LA, OU KAPAB OPOZE AVEK ODYANS LAN, EPI JIJ APEL LA P AP TANDE PREV NI DESIDE OKENN PWOBLEM KI FE OU TE OPOZE A SAN YON PREYAVI EKRI OSWA RENONSIYASYON AVEK YON LOT NOTIFIKASYON OU EKRI NAN ODYANS LAN. PATI YO PRAL KONTAKTE NAN NIMEWO TELEFON KI ENDIKE PI WO A AMWENSKE KESYON KI ATACHE A RETOUNEN EPI FOUNI YON NIMEWO TELEFON DIFERAN.

DAT ODYANS LAN: (JOU, DAT: MWA DAT ANE)

LE ODYANS LAN: (LE:MINIT AM/PM EST/EDT) POU (##) MINIT.

JIJ APEL LA: (NON)

TELEFON: (XXX) XXX-XXXX FAX (XXX) XXX-XXXX

SIJÈ ODYANS (YO):

SI DEMANDÈ A:



North Carolina Department of Commerce
Division of Employment Security
Unemployment Insurance



Zòn Tèks la 1-4000 KARAKTÈ

1. **Sa yo se sijè ki pral diskite nan odyans lan.**
- 2.
- 3.

Dat li Poste : MM/JJ/AAAA

AVI YON ODYANS PA TELEFÒN

Silvoupplè egzamine sou fason pou fè apèl yon rezolisyon inisyal epi patisipe avèk bwochi odyans yo te voye pou ou pa lapòs la. Kopi bwochi avèk repons yo pou kesyon ki souvan poze yo FAQs disponib sou [DES Website at www.ncesc.com](http://www.ncesc.com).

ENPÒTAN: Asire ke w prè pou odyans lan. Jij Apèl la pral rele w pou kòmanse odyans lan. Si ou anreta pou yon odyans pa telefòn, li ka pa posib pou w patisipe nan odyans lan aprè odyans lan kòmanse. Si Jij Apèl la nan enposibilite pou jwenn pati ki fè apèl la pa telefòn pandan 10 minit apati de dat odyans lan kòmanse a apèl la kapab ranvwaye. Si jij apèl la nan enposibilite pou jwenn lòt pati a pandan 10 minit de lè odyans lan kòmanse a, odyans lan kapab fèt san yo. Ou rèsponsab pou w asire w ke Jij Apèl la gen bon nimewo telefòn ou an avèk nimewo temwen yo.
NÒT: Si w ap itilize yon telefòn mobil oswa selilè pou odyans ou an, se rèsponsablite w pou asire ke telefòn ou an fonksyone epi ou nan yon zòn ou ka resevwa bon siyal.. Si w ap itilize yon telefòn fiks, se rèsponsablite w pou asire ke telefòn nan mache epi liy lan p ap itilize.

**ISIPE NAN YON ODYANS AKOZ DE PWOBLEM AVEK
SI W PA RIVE PAT
TELEFON OU AN**

**OSWA NIMEWO TELEFON OU YO SA KA FE PREV OU YO
PA PRAN AN KONSIDERASYON OSWA APEL OU AN RANVWAYE..**

KÒMAN BAY PRÈV: Temwanyaj asèmante egzije. Si ou vle temwen yo temwanye, yo dwe fè sa nan odyans lan. Si ou gen dokiman, anrejistreman elektwonik oswa lòt prèv ou vle rèsponsab odyans lan konsidere, ou dwe voye yo pa lapòs oswa remèt yo bay rèsponsab odyans lan. Yo dwe resevwa prèv yo anvan odyans lan.

SEPARASYON KI LYE AVÈK DWÒG EPI AVÈK ALKÒL: Ou dwe gen prèv pou pwouve oswa refize tout tè avèk rezilta yo. Eleman prèv yo ta dwe genyen tou règ travay yo avèk/oswa prensip yo. Nan kawolin Dinò, Lwa sou reglemantasyon Sibstans Kontwole a (Controlled Substance Examination Regulation Act) epi swivan, egzije tè yo dwe konfòm avèk egzijans



**North Carolina Department
of Commerce Division of
Employment Security Unemployment
Insurance**



pwosediral yo. Amwenske tès la te administre pa Depatman Transpò Etazini an (U.S. Department of Transportation) oswa Komisyon Reglemantasyon Nikleyè a (Nuclear Regulatory Commission). Olye de yon temwanyaj an dirèk de reprezantan laboratwa a pandan yon odyans ki konteste, yon afidavi de reprezantan ki otorize pou laboratwa yo kapab prezante pou pwouve rezilta egzamen sibstans kontwole yo, chèn detansyon avèk/oswa konfòmite avèk tout tès ak esè klinik ki egzije pa lwa federal la oswa etatik. Rezilta tès yo kapab konsidere kòm apwouve, si demandè a admèt oswa deklare yo pandan odyans lan oswa pa afidavi. Tout dokiman ki soumèt avèk rèsponsab odyans lan dwe remèt tou avèk lòt pati a anvan odyans lan. Si ou gen kesyon, kontakte jij prensipal apèl yo.

RANVWA: Nenpòt demann pou chanjman dat, lè, oswa lye odyans lan dwe fèt avèk jij apèl yo.

ODYANS AN PÈSÒN: Ou gen dwa pou fè objeksyon yon odyans pa telefòn epi fè demann yon odyans an pèsòn. Nenpòt demann konsa dwe fèt avèk jij apèl la.

REPREZANTASYON LEGAL: Tout demandè oswa anplwayè kapab depoze pwòp apèl yo epi reprezante tèt yo pandan tout pwosesis administratif apèl yo a, oswa mande yon reprezantan legal pou depoze yon apèl epi reprezante pou yo. Nou ta dwe jwenn reprezantan legal yo anvan tout odyans oswa egzamen administratif. Yon reprezantan legal (enkli moun yon sosyete eksteryè k ap sèvi kòm administratè asirans chomaj anplwayè a) dwe yon avoka ki otorize oswa yon moun k ap sipèvize pa avoka otorize a ki konfòm ak chapit 84 nan seksyon 96–17 (b) nan N.C. G. S la. Avi yo oswa/ avèk sètifikasyon an sipèvizyon avoka a dwe prezante ekri.

SITASYON: Jij apèl la kapab emèt sitasyon pou temwen yo epi dokiman pètinan pou odyans lan. Fè demann lan osito posib, pou sitasyon an kapab remèt anvan odyans lan. Reprezantan legal yo kapab emèt sitasyon yo avèk pwòp lajan yo avèk diskresyon.

Kontak: NC Department of Commerce, Division of Employment Security, Appeals Section, PO Box 25903, Raleigh, NC 27611–50 903

Lapòs: (919) 733–1228 *telefòn: (919)707–1060* des.public.appeals@mccommerce.com

Si ou ekri oswa rele pou ka ou an, silvouplè bay tout non demandè a, kat dènnye chif Nimewo Sekirite Sosyal la avèk nimewo dosye Apèl la.